



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premii: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sajaris: (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administrasi.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

ISINIPOEN:

Adil lan tresna—Thomas Edison—
 Wanita ing babagan sosial—Volks-
 school en Vervolgschool—Midjil—
 Sanget noewoen.—Potret — Sa-
 titik; tjilik-tjilik; pating plenik;
 nanging santosa — Rak makaten ta
 — Ontjen sekar gambar melati —
 Katrangan saking Redactie — Ka-
 trangan saking Pengadjar dateng
 Patjar merah—Wawasan boekoe—
 Oerap-sari — Ngleresaken lepat —
 Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

TRESNA LAN ADIL.

Tresna kalijan adil poenika ma-
 noet dedasaripoen pantjen kosok-
 wangsoel, nanging manoen anggen-
 ipoen dipoenetjakaken saged toem-
 mindak malah kerep kedah toemind-
 dak sareng.

Terangipoen makaten: Jèn koela
 badé tresna dateng sesami poenika
 sesami waoe kedah koela anggep
 kados badan koela pijambak. Déné
 jèn koela badé adil dateng sesami,
 sesami waoe kedah koela anggep
 kados déné tiyang sanès, ingkang
 gadah wewenang. Nganggep sesami
 kados badan pijambak poenika da-
 dos dedasaripoen tresna. Nganggep
 sesami kados tiyang sanès poenika
 dedasaripoen adil. Kalih-kalihipoen
 tetéla kosok-wangsoel.

Oepami wonten tiyang margi ke-
 sandoeng, djalaran kirang pangatos-
 atos, ladjeng tateo. Koela welas,
 amargi panganggep koela kados
 badan koela pijambak jèn tateo,
 inggih poenika nganggé djampi.
 Kelampah tiyang waoe sanadjan déné
 sanak kadang, noenten koela djamp-
 pèni. Poenika tresna namanipoen.

Koela kekésahan, akèn koeli am-
 bektakaken barang koela. Dados
 koela nganggé kekijatanipoen poe-
 koeli. Kekijatan waoe gadahanipoen
 ngriika, déné gadahan koela, mila
 koela wangsoelaken warni épahan
 kados ing samastinipoen. Poenika
 adil namanipoen.

Toemrapipoen ngagesang, tresna
 saged toemindak pijambak boten
 sesarengan kalijan adil, makaten oegi
 adil saged toemindak boten sesa-
 rengan kalijan tresna, kados toelada
 ing nginggil poenika. Nanging saged
 oegi sesarengan, malah kerep
 kedah sesarengan, oepaminipoen
 manawi koeli ingkang ambekta bar-
 rang koela waoe sareng dateng ing
 panggenan ingkang koela djoedjoe
 ladjeng sakit. Koela soekani épahan
 samestiniipoen, poenika adil, nanging
 oegi koela poelasara, koela djamp-
 pèni, poenika tresna.

Sapoenika soepados wontena pra-
 djia rahajoe, tetijang ingkang ngang-
 gé tiyang berah, nomer satoenggal
 kedah adil, tegesipoen: tiyang berah
 waoe épahanipoen kedah tjotjog
 kalijan kamaoengsanipoen kados
 ingkang sampoen koela ateraken
 roemijin, nalika koela ngrembag
 bab "épahaning berah." Nomer ka-
 lih: tresna, oepaminipoen: ngedeg-
 aken grija ingkang saé (pantes di-
 poenenggeni ing manoengsa) kang-
 gé para berah lsp.

Kita ingkang sami badé ngadjeng-
 aken tanah Djawi, kedah ngoedi
 mawi sarana ingkang leres, soepa-
 dos sadaja tiyang berah ing pabrik-
 pabrik poenika manggiha adil. Nan-
 ging kita boten kénging namoeng
 manah dateng pabrik-pabrikipoen
 bangsa kilénan kémawon, dalasan
 gadahanipoen bangsa wétanan (Arab,
 Tjina, Djawi lsp.) inggih kedah ka-
 manah. Ngadat kateh djempol² ing-
 kang boten manah babar pisan da-
 teng pabrikipoen bangsa wétanan
 waoe (oepami: pabrik mbatik lsp.),
 mangka poenika kirangipoen adil
 kerep ngoengkoeli bangsa kilénan.
 Mangga, jèn para maos boten
 pitados, kapriksa pijambak. Sasam-
 pinipoen poenika, koela atoeri
 toemandang.

poen P. D.

THOMAS ALVA EDISON.

Pabrik² lampoe élèktris ing taoen
 poenika sami moeljakaken toewan
 Thomas Alva Edison, déné wiiw
 manggihipoen lampoe élèktris ingkang
 kénging dipoenanggé ngantos sapriki
 sampoen wonten 50 taoen. Aniem
 ing Ngajodja oegi toemoet moeljak-
 aken. Ing dinten Senèn 14 October
 ing aloen-aloen ing wantji sonten di-
 poenwonteni gambar sorot (bios-
 koep). Para moeriding pamoelangan
 tengahan sarta moerid pangkat ing-
 kang inggil saking pamoelangan
 andap sami dipoensedahé ningali.

Edison poenika sinten ta? Edison
 poenika tiyang Amérikah. Lairipoen
 kala 11 Pébroewari 1847 ing Milan
 bawah Ohio. Nalika oemoer 12 taoen
 padamelanipoen njadèkaken koran
 wonten ing sepoer ingkang mlampah
 ing margi Grand-Trunk.

Sasampoenipoen sawatawis lami
 Edison damel koran pijambak, na-
 manipoen „Grand-Trunk-Herald.”
 Poenika oegi toemoet kasadé pijam-
 bak.

Edison poenika remen sinaoe pi-
 jambak, pakaremanipoen maos boe-
 koe bab ngèlmoé pamisah. Saking
 remenipoen ngratik-ratik, ngantos
 ing sepoer ngrikoe dipoensedijani ka-
 maran. Ing satoenggiling dinten ratjik-
 anipoen andjebloeg, mèh kémawon
 kréta sepoer karisakan. Mila Edison
 ladjeng dipoenkésahaken.

Edison noenten sinaoe nilgram,
 ladjeng saged dados telegrafist. Sa-
 lebetipoen dados telegrafist, Edison
 ngoedi daja sagedipoen njakèken
 Woesana kala 1873 saged jasa pa-
 abrik, damel pirantos tilgram. Ing
 taoen 1876 jasa pabrik kados maka-
 ten wonten ing Menlo Park bawah
 New Jersey. Ing taoen 1886 da-
 mel laboratorium wonten ing West
 Oranje kabantoe insinjoer katah per-
 loe njakèken accumulator lan auto-
 mobile.

Dedamelan anggenipoen manggih
 Edison poenika katah sanget. Poe-
 nika oegi dados dadakanipoen Edison
 dipoenpendet mantoe tiyang soegih.
 Tiyang soegih waoe ngoepados réka
 soepados sampoen ngantos kepan-
 doengan. Edison sagah madosaken
 réka, nanging neda dipoen-gandjar
 poetranipoen. Tiyang soegih njagahi.
 Kelampah peti tosan ingkang isi arta
 dipoenpokoki kawat élèktris. Poen
 tjalon marasepoe sareng klimpé,
 sepen tiyang, badé tjobi-tjobi.

Peti badé kabikak, nanging ladjeng
 andemok kawat élèktris, woesana
 radi kasangsan.

Edison sareng toewi, ladjeng tjrijos
 manawi peti arta badé kabikak ing
 tiyang sarta ingkang badé ambikak
 waoe boten sanès kedjawi tjalon
 rama mara-sepoe pijambak. Tjekak-
 ing tjrijos (manoen tjrijosipoen
 Edison pijambak), Edison dipoenpendet
 mantoe.

Edison poenika sami-sami tiyang
 ingkang wasis memanggih, kalebet
 nomer satoenggal, amargi saking ka-
 tahipoen, kadosta: pirantos nilpoen
 lan nilgram, mimeograaf, phonograaf,
 dynamo, microphoon, microtasimeter,
 aerophoon, megaphoon, phonoplex
 lan sapanoenggilanipoen.

Tjatjahing patent ngantos boten
 kirang saking 800. Para maos temtoe
 ngertos poenapa tegesipoen patent.
 Temboeng patent poenika tegesipoen
 warni-warni, nanging toemrap tiyang
 ingkang memanggih kados déné toe-
 wan Edison poenika: wewenang da-
 mel lan sadé barang ingkang mentas
 anggenipoen manggih namoeng toe-
 mrap ingkang manggih waoe.

Oepami wonten salah satoenggiling
 lengganan Swara Tama saged damel
 katja mripat; katja mripat waoe ma-
 nawi dipoenanggé, mbok barang ka-
 ling-kalingan tèm bok kandel, meksa
 katingal. Ladjeng soemedyana ngedeg-
 aken pabrik, nanging soepados sampoen
 wonten ingkang tiroe-tiroe,
 noenten njoewoen pangajoman da-
 teng Negari. Woesana Negari pa-
 ring wewenang namoeng pijambak-
 ipoen ingkang kénging damel katja
 mripat waoe. Sinten ingkang tiroe-
 tiroe, badé angsal denda saking Ne-

gari. Wewenang kados makaten poe-
 nika namanipoen patent. Dados sa-
 dèrèk lengganan Swara Tama waoe
 angsal patent satoenggal. Poenika
 katandinga kalijan Edison ingkang
 angsal patent 800. Wah njata peng-
 pangan!

Sadèrèngipoen Edison, sampoen
 wonten ingkang tjobi-tjobi damel
 lampoe élèktris mawi pentol gelas
 poenika, nanging nalika samanten
 dèrèng kénging dipoenanggé. Edison
 ladjeng nandangi sarta kénging di-
 poenanggé. Sapriki sampoen 50 ta-
 oen kapengker. Mila sami moeljak-
 aken Edison. Masti kémawon sareng
 sampoen wonten ingkang manggih,
 njakèken (njampoernakaken) lang-
 koeng gampil.

Pamoedji koela moegi tanah In-
 donesijah poenika kedjawi madjenga
 ing babagan rohani, oegi madjenga
 ing bab djasmani. Wontena sadèrèk
 Indonésijah ingkang dados Edison!
 Tanah Indonésijah temtoe ladjeng
 madjeng 50 taoen.

Jèn Kober."

LARASATI.

WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Bab laki rabi djiatan poenika
 boten prajogi. Padatan makaten ke-
 dah kadoewa sampoen ngantos
 kateroesaken, awit boten ambeg djak-
 aken kalih-kalihipoen, poenapa mah-
 lih ngitjalaken kamardikan.

Toemrap sawenéhing wanita,
 ingkang boten éman-émah, boten
 wanten kangélan ingkang manawi wa-
 nita waoe ladjeng toenggil balé
 grija kalijan tiyang ingkang bebra-
 jatan. Gesang makaten poenika
 sampoen salaras kalijan kawonten-
 anipoen wanita, sampoen samesti-
 nipoen kémawon. Déné bab bawa
 pijambak, poenapa-poenapa dipoen-
 tandangi pijambak, boten kénging
 kanggé oegeran, balik namoeng
 njebal saking angger.

Pramila tiyang èstri kaseboet sa-
 nadjan njepeng damel pisan, prajo-
 ginipoen inggih agegrija noenggil
 tiyang ingkang among brajat; lipiroen
 nindakaken poenapa ingkang mage-
 poka kalijan bebrajatan, katoen-
 toena ing tiyang ingkang sampoen
 nama dados bijoeng. Poenika teba
 lan papanipoen kanggé njamboet
 damel, panggenan ingkang saroe-
 djoe kalijan wewatekan toewin
 dasaring tiyang èstri. Pandamelan
 waoe boten kawon kalijan panda-
 melanipoen bijoeng, sebab pijam-
 bakipoen inggih toemoet nggoela-
 wentah anak lan badé nampèni pi-
 toewasiipoen, ingkang dados bagé-
 anipoen tiyang among brajat.

Saopami wonten wanita satoeng-
 gal kalih ingkang nedya bawa pi-
 jambak, ladjeng kados-poendi? Wa-
 nita waoe boten poeroen oetawi
 boten saged njamboet damel ing
 salebeting grija. Poenapa boten
 prajogi manawi djagading tiyang
 èstri ladjeng kawijaraken, dados
 tiyang waoe kalebetaken ing djagad,
 ingkang roemijin namoeng dados
 ambah-ambahanipoen tiyang djaler
 kémawon.

(Ingkang makaten poenika noe-
 woehaken pitakénan, poenapa tiyang
 èstri ladjeng kakéngingaken sinaoe,
 nampi pangadjaran, sekolah; pang-
 adjaran poenapa toewin kados-poendi,
 koela djèrèng béndjing kémawon,
 manawi koela ngrembag no. V;
 „Kados-poendi menggha panggoela-
 wentahipoen bangsa wanita?”)

Déné wangsoelanipoen pitakénan
 nginggil boten nama gampil; dèrèng
 nama njekapi manawi dipoenwang-
 soeli makaten: „sebab wadon
 ikeo sédjé karo wong lanang moe-
 lané arep nindakaké pangawéané
 wong lanang ija ora bisa (mrantasi).”
 Sebab poenapa wangsoelan makaten
 poenika dèrèng njekapi? inggih,
 awit wonten pandamelanipoen tiyang
 djaler ingkang katindakaken tiyang
 èstri, lan toemindakipoen teka inggih
 saé.

Sanadjan kodratipoen tiyang kalih-
 kalihipoen waoe béda-béda, ingkang
 dados djalaranipoen ngwontenaken

andoem damel, djaler èstri sampoen
 tampi bebahan pijambak-pijambak,
 éwasamanten wonten pandamelan
 ingkang katindakaken sesarengan,
 oepaminipoen pandamelan among
 tani, nggarap pategihan oetawi sabin.
 Ing ngrikoe tiyang èstri saged petel
 lan wekel panjamboet damelipoen
 lan boten wonten tiyang ingkang
 badé menging oetawi ngelokaken
 bab poenika. Terkadang inggih
 nandangi pandamelan awrat sanget
 sampoen mèh sami kalijan tiyang
 djaler. Ananging manawi dipoen-
 waspaosaken saèstoe, meksa wonten
 kaotipoen. Inggih leres, pandamel-
 anipoen sami, ananging tjaranipoen
 anggarap béda. Tiyang djaler pang-
 gah poegoeh betah ing kangélan, awit
 makaten poenika sampoen tjepengi-
 poen sabèn dinten, toer mila sam-
 poen bebahanipoen pados kaja.
 Déné tiyang èstri namoeng teteo-
 loeng dados sisihanipoen tiyang dja-
 ler.

Dados jèn makaten inggih na-
 moeng nama sambèn anggenipoen
 ngréntjangi tiyang djaler, boten ké-
 nging kawastanan madeg pijambak
 pados pekah toewin moeroegaken
 wijaring tebanipoen tiyang èstri, sa-
 bab rajak kanggé njamboet-damel
 awrat boten kijat badanipoen.

Pamilihhipoen pandamelan lan
 pangkat boten kénging manawi na-
 moeng ngèneti badé sami babar
 pisan kalijan tiyang djaler. Ingkang
 makaten poenika boten badé mi-
 kantoeki dateng badanipoen, malah
 saged damel pitoena.

Kedjawi ingkang sampoen kase-
 boet ing nginggil, wonten tiyang
 èstri, ingkang mligi ngoerbanaken
 badanipoen kanggé tiyang sanès.
 Lah poenika sampoen boten karé-
 potan pados pangoepe djiwa poe-
 napa, awit sadaja kasanggih pakem-
 palaran oetawi sampoen mbekta banda
 pijambak wiwit badé loemebet ing
 pakempalan. Wiwit djaman kina
 kawontenan makaten poenika sam-
 poen wonten lan saged lestantoen,
 amargi mila inggih pantjen tjondong
 kalijan wataking wanita, saged
 mahjakaken katresnanipoen nglan-
 koengi katimbang prija. Oepaminipoen
 kémawon bab moelasara tiyang
 sakit, nggoela-wentah laré lola oetawi
 laré kapinten, lan sanès-sanèsipoen.
 O, katah sanget lelabetipoen bangsa
 wanita dateng gesang sesarengan
 lan boten soesah dipoenelar dja-
 djanipoen kémawon, sampoen na-
 ma wijar gilar-gilar; lan bangsa
 koela wanita boten soesah asangga
 roenggi koemedah-kedah mijaraken
 tebanipoen. O, taksih ombèr sanget
 papan kita, dados soemangga tjant-
 joet tali wanda tetoeloeng njakèken
 gesang sesarengan ing madyaning
 djaman madjeng.

A. SWASTI ASTOETILAH.

ONDERWIJS.

VOLKSSCHOOL—VERVOLG-SCHOOL.

Ing wekdal sapoenika ing poendi-
 poendi panggenan (kita padoesoenan,
 parede) mèh temtoe sampoen wonten
 sekolahanipoen doesoen (Volks-
 school). Ingkang dèrèng wonten,
 sami kaajatan (kawiwitan) dipoen-
 edegi sekolahan waoe. Senadjan ing
 redi-redi, ingkang roemijin langka
 wontenipoen sekolahan, sapoenika
 sampoen sami wonten.

Sabèn panggenan ingkang sam-
 poen wonten sekolahanipoen doe-
 soen kalih oetawi tiyang panggenan
 (oetawi langkoeng), ing ngrikoe tem-
 toe ladjeng wonten sekolahan sam-
 betanipoen sekolahan doesoen waoe,
 inggih poenika: Vervolgschool. Per-
 loenipoen soepados laré-laré ing
 sekolahan doesoen sageda ngla-
 djengaken pasinaonipoen.

Sekolahan Djawi babaran énggal
 mèh sadaja kadamel kados mekatan.
 Awis sanget ingkang ladjeng toees
 madeg sekolahan angka kalih (Vol-
 ledig) kados wingi-wingi. Sebabi-
 poen poenapa kadamel kados meka-
 ten? Para sadèrèk kados sampoen
 boten kekilapan, inggih poenika
 soepados saged ngirid. Tjobi koela



REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soera Katholiek
 1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie:

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

atoeri namataken. Wragad poenapa-
 poenapa sarwa langkoeng sakedik.
 Blandjanipoen goeroe kados-poendi?
 Rak inggih langkoeng sakedik ta?
 Doenoenging pangirid waoe, jèn
 katanding kalijan sekolahan angka
 kalih, inggih poenika doemoenoeng
 wonten ing Volksschool.

Wohipoen pamoelangan babaran
 énggal poenika waoe kados-poen-
 di? Lha, poenika taksih dados ramé.
 Goeroe-goeroe katah ingkang
 mestani awon. Djalaran laré saking
 Volksschool, jèn katampi wonten
 angka kalih, boten saged angsal
 papan samestiniipoen, inggih poenika
 ing klas IV. Laré wedalan saking
 Volksschool, jèn kasoekakaken klas
 IV, kèter sanget. Anggènipoen me-
 katen waoe kados-poendi? Margi
 kabekta saking bédaning leerplan
 Volksschool kalijan tweedeschool.

Jèn ladjeng wonten Vervolgschool
 kados-poendi? Angèl anggenipoen
 ndadosi, djalaran saking sekolahan
 werni-werni, ingkang pamoelang
 goeroe sami béda-béda, ladjeng
 kadadosaken satoenggal. sampoen
 temtoe kémawon rewèl. Milanipoen
 goeroe ing Vervolgschool ingkang
 moelang klas ngandap anggenipoen
 ndadosi inggih ngantos kempis-
 kempis, kerdja keras !!!

Wonten salah satoenggaling S.O.
 ingkang mestani, jèn bab woelangan
 laré volksschool boten kawon kalijan
 laré angka kalih klas (1—3), malah
 kepara langkoeng saé, djalaran Volks-
 school langkoeng kerep kapriksa
 déning S.O. Margi goeroenipoen
 kerep kapetjoet, pandamelanipoen
 ladjeng langkoeng saé. Kawonipoen
 waoe kabekta margi bédaning leer-
 plan, (Poenapa awon saénipoen pe-
 damelanipoen goeroe poenika na-
 moeng goemantoeng pepriksan? E,
 lha, blahi né mas nèk ngonon ki !!
 Martaja).

Jèn saking panimbang koela, jèn
 laré Volksschool langkoeng awon
 tinimbang laré angka kalih klas 1—3
 poenika kok inggih katah emperipoen,
 awit goeroenipoen ratjak kirang . .
 — (sampoen dados peng-
 galih lo, boten sedaja mekaten).

Margi kados mekaten poenika,
 katah para H.O. lan S.O. ingkang
 oesoel dateng Pamaréntah soepados
 cursus goeroe doesoen langkoeng
 kasaèkna, tinimbang ingkang sam-
 poen-sampoen.

Oesoel kados mekaten waoe, ke-
 djawi soepados Volksschool lang-
 koeng saé, oegi ateges soepados
 Pamaréntah sampoen ngantos kesang-
 neten anggenipoen ngirid.

Poenapa karsanipoen Pamaréntah
 namoeng soepados saged irid? Ter-
 rang boten. Toedjoe ingkang ageng
 inggih poenika soepados kita Indo-
 nesiers énggal kawradinana kawroeh
 sekolahan, boten kètang sakedik
 oeger sampoen tampi, gampil ang-
 genipoen ngadjengaken.

Kados ingkang sampoen kawrat
 ing kala warti riki, negari sampoen
 gadah Volksschool 12.050. Lan taoen
 1930 poenika taksih ndjangka
 malih 450 sekolahan cursus goeroe
 doesoen 20.

Nembé mangké koela mireng re-
 raosanipoen, satoenggiling prijantoe
 B.B. ingkang ndadosaken radi tji-
 ngak koela.

Reraosanipoen makaten:
 Sarehning ing bawahipoen sam-
 poen radi katah Volksschoolipoen,
 nanging saweg wonten vervolgschool
 sakedik (satoenggal toer saweg
 madeg énggal, ning bab moerid sam-
 poen njekapi, begas), ladjeng ang-
 gadahi kadjeng soepados laré Ver-
 volgschool kerep kasening-senengna
 (bv: ramé-ramé, schoolwandel-
 enz), perloe kanggé mantjing laré
 Volksschool, sami senenga ngla-
 djengaken dateng Vervolgschool.
 Bab poenika kabijantoe sanget.

Koela waoe sampoen matoer,
 madeg énggal toer moerid sampoen
 bregas lo. Mangka ing rikoe taksih
 katah Volksschool, ingkang énggalan,
 moerid dèrèng kètingal maremaken
 (tjatjahipoen, lan lebetipoen)
 Idam-idaman ingkang mekaten
 waoe inggih saé. Nanging poenapa
 boten langboeng prajogi mbijantoe

amrih saéning Volksschool roemijin? Jèn Vervolgschool kerep karamèkramèkaken ladjeng laré Volksschool kakèndelaken kémawon? Poenapa boten kwalik? Mantjing laré soepados poeroen neroesaken sinaoe poenika gampil poendi kalijan mantjing laré soepados poeroen sinaoe? Ngengetana jèn damel pandemèn poenika langkoeng angèl tinimbang damel témbokipoen. mBikak wana langkoeng angèl tinimbang nggarap sabin.

Wasana sami ndadosna penggalihan.

Aksamanta Martaja.

M I D J I L .

1. Wong ngaerip ngaraha ing pamrih, tjotjog toeroet méntjok, geleng gilig loegoe gegarané, angengèni ga limang prakawis, loenggoeh igoeh toewin, sagoeh, tegoeh panggoeh.

2. Liring loenggoeh angengèni adil, angintjeng kasoektjèn, tinintingan lair troesing batos, tan malèntjeng mring ala kang ngantjik, mjat kijating diri: apa koewat nempoe.

3. Igoeh ikoe wroeh kabèh prakawis, éwoeh lan piawon, bangkit wibéngkas lawan njingkiraké, ingkang wilet moelet tan katawis, tinanggoelang késis, kang ngribeti moendoer.

4. Sigra sagoeh agahan kadoegi, trampil tanpa mengeng, tjoeakt tjakep satandang tandoké, trangginas jèn ana kang ngrégoni; tata tatag tètis, tinanggoelang poetoos.

5. Nanging koedoe, tegoeh dènta ngoedi, tan moendoer ing banjon, kalis wegah loengkrah lan sajahé, wirang isin tan pisan tinolih kétag bisa prapti, don ingkang tinoedoe.

6. Jekti panggoeh gajoehanta mangkin, krana woes linakon, pait getir lara lan pakéwoeh, kari ngoendoeh madoe lawan gendis, sarwa lega legi, karja tjingak ngoengoen.

Ngandap miri.

KOEROE SÉTRA

SANGET NOEWON.

Tjandakipoen Sw. Tm. no. 34.

a. kirang tetapan manah.

Ratjakipoen wanita poenika angèl saged njimping wados. Dalasan wadosipoen tjang djaler kerep kelampahan dipoentjrijos-tjrijosaken dateng tjang sanès, sinaosa sampoen dipoenwantos-wantos kados poenapa kémawon déning tjang djaler. Toelada? atoesan.

b. tjetèk gagasanipoen (nglangkoengi prija).

Ratjakipoen wanita poenika langkoeng kirang gagasanipoen tinimbang prija; menawi moetoesi prakawis oetawi andawahaken tetemboengan sadjak kasesa: (Overhaastig, voorbarig oordeelen, niet kalm overleggen, onbezonnen spreken, ziedaar de eigenaardige kenmerken van menig meisje); ladjeng wohipoen: nganggep tjang kirang djembar kawroehipoen; nganggep tjang koemloengkoeng tanpa tanda jekti; kedjawi poenika wohipoen ingkang langkoeng seger malih: éwan dateng sad. wanita pijambak ingkang oepami njandang nganggé sadjak ngongoeli; ngen-djapi, njemoni dateng ingkang boten dipoenremeni (roedjoeki). Watak boetarepan poenika inggih margi saking tjetèking gagasanipoen. Poenapa watak kados makaten poenika doemoenoeng ing prija? Sanadjana inggih, inggih sèwoe satoenggal. Kedjawi poenika waoe mangga, menawi wonten bathi oetawi huisgezin ingkang tjrah kalijan huisgezin sanèsipoen, ingkang katah (95%) rak margi tjang èstri! Toemrapping tjang tetanggan, menawi ingkang èstri saé (memanahan, solah-bawa, tetemboengan) tapoekipoen inggih saé; nanging jèn ingkang èstri manahipoen awon, poenika kalijan tangga-tepalih inggih sadjak memengsahan. Tjontonipoen? O, atoesan!!

c. manoe gambaring pangangen-angen kalijan raos.

Bebajaning wanita ingkang nomer tiga poenika: kakijataning pangangen-angen kalijan santosaning gesangipoen ingkang manoe raos. (Een derde gevaar is de levendige verbeeldingskracht en het sterke gevoelsleven van de vrouw). Djalaran wanita poenika remen adamel badanipoen pijambak dados poesering gagasanipoen kalijan andjoedjoe gambaring pangangen-angenipoen sarana prakawis ingkang peteng-peteng oetawi nengsemaken manah. (Met voorliefde maken jonge meisjes haar eigen ik tot het middelpunt harer gedachten — en vullen haar verbeelding met donkere ot liefelijke voorstellingen).

d. remen adol ati. (Behaagzucht).

Mengsahing wewatekanipoen toewin kamoernènipoen wanita, ingkang ambabajani pijambak poenika: remen adol (golèk) ati, boten oesah koela djèrèng.

Laré alit dèrèng oemoer sedasa inggah, dipoenanggen-anggeni ge-

lang, kaloeng, sengkang, ingkang katah asoipoen poenika goenanipoen poenapa? Poenapa badé damel senenging laré waoe? Genah boten. Lan sinten ingkang gadah kadjeng nganggèn-anggeni makaten waoe? Poenapa bakapipoen? Temtoe kémawon inggih iboenipoen. Ladjeng poenapa kadjengipoen? Para maoskados sampoen saged ambatang pijambak.

Sapoenika Mevrouw Atma koela atoeni nimbang-nimbang; wewatekan ing nginggil poenika katoemrapnasad. prija, poenapa saged matoek?

Ing karangan pandjengenan: „Boten kirang tjang djaler ingkang tjoegetan atèn l. s. s.” Poenika pantjènipoen inggih wonten leresipoen. A nging poenapa poenika kénging kanggé nerangaken oetawi wewaton: oemoemipoen? Poenika samènipoen makaten: „Boten kirang tjang ingkang drijdjinipoen nem.

Poenapa poenika inggih kénging kanggé waton, bilih tjang poenika drijdjinipoen nem?

c. Kedjawi wewatekan ingkang sampoen koela atoeraken ing nginggil, bédaning wanita lan prija inggih taksih wonten, inggih poenika bab: physieke lan psychische geschiktheid. (Poenapa poenika mevrouw Atma?). Koela inggih ngertos, menawi ing djaman kina-makina doemoegi ing bédjeng kijamat, katah wanita ingkang djempol-djempol; koela inggih ngertos, jèn ing Oxford, Cambridge, Chicago, Parijs toewin Japan wonten College-nipoen kanggé sad. wanita, ingkang sami sinaoe wonten ing Universiteit, anging tetemboengan ing ngandap poenika koela atoeni maos ingkang ngantos ngertos gamblang.

Prof. Kraft-Ebing ngendika: „Slechts zeer weinige, buitengewoon sterke en zeer gunstig aangelegde vrouwelijke individuen doorstaan met goed gevolg de concurrentie met den man op intellectueel terrein. De groote meerderheid der vrouwen, die zich aan dien kamp wagen, loopt gevaar, daarbij ten onder te gaan. Het getal der overwonnenen en gedooden is enorm.” (Namoeng sakedik tjatjahipoen wanita, ingkang saged djordjoran kanti sambada kalijan prija, ing babagan kelandepaning pikiran oetawi oetekipoen, inggih poenika namoeng wanita, ingkang anggadhahi aanleg (dasar) ingkang santosa sanget toewin saé. Ingkang katah, wanita ingkang poeroen perang tanding lan prija, gampil doemawah ing babaja, inggih poenika risaking badan oetekipoen. Tjatjahipoen ingkang kasoran toewin pedjah tanpa wijtalan).

Dokter èstri asma Fehling ngendika: „De vrouw is veel minder tegen de stormen des levens opgewassen dan de man. Het meest is voor de vrouw wenschelijk een be-roep, waarvan het aanlezen een niet al te lang wegblijven van de ouderlijke woning eischt en die haar toestaat in den kring der familie te blijven.” (Tjjang èstri poenika langkoeng kirang tahan nandang sangsajaning (praharaning) ngagesang tinimbang tjang djaler. Pramila langkoeng saking déning prajogi, manawi para wanita, ngoedia pandamelan, ingkang pasinaonipoen boten tebih-tebih saking grijanipoen tjang sepoeh, poenapa malih saged taksih amor (sanak) sadèrèk).

Prof. Winkler ngendika: „Voor de studie, de ernstige, wezenlijke, waarlijk niet amusante studie deugt, het is mijn stellige overtuiging, de vrouw niet. Zeer enkele slechts, zullen dit kunnen. Haar kracht ligt daar niet. En wanneer een vrouw al de intellectuele eigenschappen bezit, dan zal toch eerst nog de vraag beantwoord moeten worden, of zij daarenvens nog niet andere eigenschappen bezit, die voor haar in dit opzicht een nadeel brengen. Ik geloof, dat de speciaal vrouwelijke eigenschappen inderdaad haar daarvoor beletselen in den weg leggen. (Toemrapping pasinaon, pasinaon ingkang boten kénging sinambi sembrana; pasinaon ingkang saèstoe lan inggih boten njenengaken jektos, poenika manoe kajakinan koela, wanita boten kanggé. Namoeng sawatawis ingkang saged. Djalaran kakijatanipoen boten koewagang. Lan menawi wonten wanita ingkang anggadhahi sadaja watek kawanteraning oetekipoen, éwasamanten pitakènan, poenapa wanita waoe boten anggadhahi wewatekan sanès ingkang mitoenèni sanget ing babagan pasinaonipoen, taksih kedah kawangsoelan roemijin. Koela pitados, wataking wanita mligi poenika, ngalang-alangi sanget kanggé pijambakipoen toemrapping pasinaon loehoer waoe).

Ngengeti pangandikanipoen prijantoen-prijantoen pinoedjoe waoe sapoenika ladjeng tjeta, bilih sadèrèk wanita, ingkang katah-katah kawon kalijan sadèrèk prija ing babagan kawanteraning oetek toewin physieke lan psychische geschiktheid toemrapping pasinaon kados ing nginggil poenika.

— Antjer-antjer koela prakawis temboeng physiek = ingkang magepokan kalijan badan (sakodjoer).

psychisch = ingkang magepokan kalijan soekma (djiwa).

geschiktheid = pantes? patoet? kanggé damel?

Déné tjara Djawinipoen ingkang tjèples, koela soemanggakaken dateng Mevr. C. Soetjilah Atmosoedarmo, ingkang sampoen djembar kawroehipoen, malah mbokmenawi sampoen tirah², sareng koela kawroehipoen rak taksih kirang djembar.

Sapoenika wosing kodjah koela ing nginggil makaten:

A. pangadjeng-adjeng dateng anak djaler, maton (redeljik).

B. prija lan wanita bènten ing bab wewatekan toewin physieke lan psychische geschiktheid. Dradjading wanita boten kawon loehoer kalijan dradjading prija, nanging bènten.*

Sapoenika mevr. Atmo, menawi pandjengenan dèrèng tjotjog kalijan sebab-sebab poenika waoe sadaja ing bab: bédaning wanita lan prija, poenika mratandani, menawi dedasar pandjengenan boten kalis ing penasaran, poenapa malih koela ladjeng saged mestani, bilih pandjengenan dèrèng njandak dateng dedasar katholiek ingkang saèstoe, njata toewin gemblèngan.

Bab manah koela ladjeng sak menier, boten babar pisan, malah sak menier oetawi sak redi Semèro. Bab jèn kewelèh. ndjoer . . . ; kewelèh prakawis poenapa Mevrouw, ladjeng kados-poendi? Moeda koemloengkoeng.

T. R.

P O T R È T **)

Lo kok njlao, lagi oengsoem ngremboeg politiek-politiek, kok djeboel mak tjleboeng potrèt dirimboeg.

Djenèh anggoemoenaken; ambak-ambakna katik toekang potrèt, toekang potrèt Djawi kok mèh boja wènten.

VAN LITH-STICHTING

GOTRAH

DJAWI KATHOLIEK

betah dateng wontenipoen

STUDIEFONDS

ingkang kijat.



Mila soemangga

koela atoeni dados „warga”

Van Lith-Stichting.

Pangreh V. L. S.
p/a Bijz. H. I. S.
MAGELANG

Koela doegi motrèt poenika kedjawi kirang soemboet pamedalipoen, inggih mila pantjeng pandamelan angèl, awit kedah mangretos oepami: ingkang kapotrèt lenggahipoen prajogi kados-poendi, jèn tjangipoen katah, kados-poendi wangoening krompolan, padangipoen kedah sapinten lan sasaminipoen. Nanging ingkang kados makaten poenika kénging dipoensinaoe sarana nge-tjakaken lan ninitèni. Kadjawi poenika panggaraping potrèt pantjeng kikrik, mila sanadjan koela terangan wonten ing ngriki inggih meksa kirang tjeta. Prajoginipoen manawi badé motrèt le. moendoeta oebarampènipoen kadosta: camera (woedjoed kotakan, mawi lens), plaat oetawi gedah potrèt (mawi dipoenoesar-oesari Jood-oetawi Broomzil-vergelatine), djantoenipoen kanggé ontwikkelaar lan fixeer, drukraam, dlantjang potrèt lsp. (gedah oetawi dlantjang potrèt poenika damel pijambak inggih saged. Broomzilver dipoenwori gelatine inggih poenika lim saking oelam. Dipoenwori toja ladjeng dipoenbentèri sakedik. Woesana dipoenoesar-oesaraken, oetawi dipoeniling ing gedah oetawi dlantjang. Panggarap lan panjimpinipoen, kedah wonten ing petengan) 2e. moendoeta boekoe bab rékanipoen motrèt.

Ngadaf poenika tjara. Wlandi, mila prajogi jèn wonten ingkang nganggiti tjara Djawi oetawi andjawaekaken mawi idinipoen ingkang nganggiti.

Gedah potrèt ingkang medal saking camera poenika namanipoen negatief. Poenika minangka babonipoen potrèt, ing dlantjang oetawi ing gedah ingkang kanggé tooverlantaarn (gambar pedjah kanggé sorotan).

Potrèt poenika jèn padangipoen kirang, ladjeng kirang tjeta. Mila oepami motrèt tjang wonten ing kamar.

*) De vrouw is niet minder, maar anders dan de man. T. R.

**) Karangan poenika sampoen kita besoet. Red.

RAK MAKATEN TA.

1. Sengkoet lan tjakoet poenika kanggé ada-ada poenapa kémawon perloe sanget. Tjebi mriksani sadèrèk ing Madioen, ingkang sampoen mahjakaken tradjangipoen. Mila jektos sanget bebasan „oeger kadjeng, inggih ladjeng.” Sadèrèk ing ngrika sapoenikanipoen saged ngwontenaken schakelschool wiwit woelan Augustus; senadjan moeridipoen dèrèng nama katah, boten sandé temtoe badé mindak, kabekta saking ébahing djagad, ingkang kados kasengsem dateng pangadjaran makaten. Mangga sadèrèk toemoet tjantjoet, brikik-brikik noelad toelada saé, toeladanipoen sadèrèk kita pijambak. Sampoen irèn; wontena ingkang miwiti madjeng salah satoenggal, mangké sanèsipoen rak badé noetoeti. Lelajanan sakedik édag, mangké sadaja-sadaja temtoe èntèng; nanging inggih kedah panteng, boten moendoer sadjangkah kémawon, samangsa kadatengan ribed roewet. Poenapa schakelschool ing Madioen badé madeg, manawi prijantoen djempolan kekalih boten ngangseg tradjangipoen, kersa ngoerbanaken baoe soekoe toewin ragad-ragad? Temtoe boten. Koela pijambak ingkang sampoen kela-djeng keslempit ing redi, kiwa tengen namoeng wonten karang padas pating djenggoenoek, djoerang madjoerang samekta kanton mangsa kémawon, sinten ingkang kedjenggoep ing ngrikoek, koela wontenipoen ladjeng namoeng angelploki saking kabekta kalijan te-tekoeng, kalijan, memoedji lan oeroen-oeroen sasaged-saged koela.

Para sadèrèk, èngèt djaman madjeng, sampoen ngétja-étja angomba karna. Mangga woengoe asikep gelar angelar djadjahan kita. Langkoeng-langkoeng ingkang nama djempolan kedah ngadani, awit ingkang wonten ing ngandap roemaos kadoeng manawi badé tjawé-tjawé, toer bokmanawi boten badé kagatosaken. Lo, makaten poenika pantjènipoen inggih boten kénging, awit manawi boten wonten ingkang miwiti ladjeng sinten? Sampoen kalèmaraken sanès pakarjan ingkang saged dipoentindakaken pijambak.

Inkang dados pangadjeng soemangga garègah tjantjoet, sampoen anjimpin ingkang dados gegémolanipoen, kasebara ing madyaning ramé; lan jèn makaten ladjeng boten nama wastra loengsed ing sampiran, dèrèng naté kagem sampoen nama soewèk amoh.

2. Wah!! sajang sanget makaten poenika. Djempolan kita dèrèng katah, teka boten kénging kaadjen-gaken, dèrèng katingal dados

djago, lo poenika namoeng saking pamawas koela.

Poenapa kémawon ingkang dados sebabipoen? Jèn boten lepat, mbokmanawi sebab kirang mreman-aken kabetahanipoen sanès, kabetahan oemoem, nglenggahi sampoen sakétja angga prijangga, watak ngoegoeng badan sendiri. Lah poenika ingkang moeroegaken lan koela oepamèkaken barang alit merit; prasasat boten kasat mata, toer panggènanipoen lebet sanget; ananging kadadosanipoen ambendol, ageng kelangoeng-langkoeng. Mila kirang moerakabi sanès watak seneng keladoek dateng badanipoen pijambak, watak pados pokilipoen pijambak! Poenika ndrawasi sanget, awit kasrèmpèt sakedik kémawon, toeros mampang-mampang, ladjeng moetoeng, boten predoelèn.

Saben tjang, lo, katèmpèlan watak makaten poenika, boten kétag sakedik. Déné ingkang kalis wewatekan waoe, dados pangaleman toewin djagad kagèt angoenandika: waaaah! bisané timen, apa-apa moeng mltgi anané kono; lentjeng djedjeg, toedjoené moerakabi oemoem, ora ngremboeg awaké déwé.

Sareng watak mikantoeiki badanipoen pijambak boten makaten. Oebad-oebad ingkang dipoentoedjoe inggih namoeng betahipoen pijambak. Wonten poendi kémawon ingkang dipoenintjeng inggih kasoe-woering pijambak. Watak makaten poenika kerep damel pitoenaning sanès. Inggih leres, manawi badé angsal mèlik, sengkoe anggenipoen njamboet damel; poenapa kémawon roemaos ketjogang; pandamelan awrat inggih sagah anggarap. Malah asring anggoemoenaken sanget tradjag lan wekelipoen. Ananging samangsa tjang sanès ingkang badé angsal mèlik, la, ladjeng lembèk, mèri, woesana ketelasan daja, dipoen-iri poenapa-poenapa sampoen boten poeroen, dados wegahan, mopo, temahan mbélot dados tjang tanpa pangadji.

Para prijantoen! ingkang tinoeding dados pangandjoe soemangga koela njowoent tinoentoen. Ingkang badé ngadjengaken bangsa temtoe boten wegah, ngoerbanaken salira. Tjjang alit angrerapa pasambatipoen, sareng ingkang dados pangadjeng ngétja-étja kémawon??? Salaras poenika??? Poenika dadosa panggalihanipoen ingkang wadji; sinten kémawon andadara salira prijangga.

Noewon, minta pangaksama, koela ingkang kesangsang ing

GIRISASRA.

Djaé Wana.

oetawi motrèt retja ing tjandi Mendoe ingkang nglebet, poenika mawi soroting magnesium (woedjoed boekoe oetawi pita). Magnesium boekoe poenika kanggé instan-tané (sakedèp nétra).

Toekang potrèt poenika asring ngagengaken potrèt. Pirantosoepoen ingkang saé inggih poenika saemper tooverlantaarn. Sorotipoen ingkang medal, katampènan dlantjang potrèt. Jèn dlantjang waoe anggenipoen damel pijambak, lah mbok damel potrèt ingkang sami kalijan tjangipoen (sirah doemoegi soekoe) inggih saged kémawon.

Jèn damel gambar sorot ingkang saged ébah-ébah poenika kados-poendi?

Rékanipoen inggih kados jèn badé damel gambar mawi tooverlantaarn. Pirantosoepoen motrèt wonten pijambak. Gedah dipoen-gantos celluloid (kados pati, ingkang dipoendamel schietkatoen lan kamfer. Schietkatoen poenika bangsa demamit, saged ndjebloeg, mila celluloid poenika asring moeroeb saking dajaning sorotipoen lampoe) pandjangipoen sok ngantos pinten-pinten K. M. Jèn motrèt, kanton moer kémawon. Sapotrètan dangoenipoen bangsa sapraatoes sekon. Dados tjang andjangkah satengah mèter poenika djangkahipoen waoe dipoenparapara, mila tjang kados makaten poenika wiwit andjangkah doemoegi sarampoengipoen dipoen-gambar kaping 20 oetawi 30. Poenika bédjengipoen jèn wonten ing pirantos film kados ing bioskoep, dipoenpoeter, katingalipoen kados gesang. Jèn kerikaten pamoeteripoen; tjang mlampah ladjeng kados mladjeng. Jèn kerikiden, tetjjang sami katingal pating klemèk.

Potrèt poenika samangké migoenani sanget. Oepami wonten tjang: ing nglebet dada wonten péloripoen. Soepados soemerep panggènanipoen, kedah dipoenpadangi mawi sorot X. oepami saking wingking, ladjeng ing silih tengen dipoensoedjani

dlantjang potrèt. Mangké poen pélor rak katingal ing potrèt.

Jèn pirantos potrèt kagandèng kalijan kèker ingkang saé, sanadjan panggènanipoen tebih, inggih kénging kapotrèt. Bangsa ahli palintangan inggih saged motrèti lintang-lintang.

Isèn-isèning saganten inggih kénging dipoenpotrèt.

Gambar-gambar ing serat kabar lsp. poenika waoe-waoenipoen inggih sarana motrèt. Dlantjang ingkang sampoen isi potrèt, dipoenpotrèt malih, soepados angsal negatief. Ladjeng mendet plaat (oepaminipoen sèng), poenika dipoenoesar-oesari chroomzure kali lan lim mawi dipoenwori wedi aloes. Plaat waoe kapasang ing ngandap negatief, moerih katoelaran potrèt. Bakda poenika ladjeng dipoenkoemabah mawi toja bentèr. Plaat ingkang kados makaten namanipoen cliché, kénging kanggé ngétjap.

Blèg-blèg, tjangkir lsp. asring wonten potrètting tjang, poenika inggih sarana potrèt. Boekoe tjara Wlandi ingkang ngrembag rékanipoen damel kados makaten poenika koela dèrèng naté mrangoeli. Ing basa sanès, jèn maos catalogus-catalogus bokmanawi saged manggih.

Toedjoenipoen karangan poenika: ngindakaken seserepan lan ngadjengaken politiek-economie.

P. Dt.

SATITIK, TJILIK-TJILIK; PATING PLENIK; NANGING SANTOSA.

É, èh sinten poenika? ? ?
Anoe, pangéram-éram saking Tegak ingkang badé kawoela atoerakèn kados ing ngandap poenika: Mèh sadaja prijantoen pirsu bilih ing Res: Tegak poenika ramé, lan ageng kerep katah tetingalan; nanging sakediek sanget sadèrèk Kath. Djawi.
Makaten jèn pinoedjoe nglempek saking sakiwa tengenipoen inggih

Redactie tampi boekoe - boekoe ing ngandap poenika: MARDILARAS p. a. R. K., "Standardsch. Wedi Klatén.

Wedalan toko boekoe J. B. WOLTERS. ONS EIGEN BOEK: f. 0,27, karanganipun W. Stavast. kalijan G. Kok.

KATRANGAN SAKING ADMINISTRATIE STRATIE. KATOER K. W. SOLO. Tjéntanganipun Administratie ing verslag-iptoen K. W. Solo Sw. Tm. no. 31 boten pisan-pisan kanggé ngoetjemaken asmaning K. W. Solo oetawi ngitjalaken katingan lelabet anggènipon sampoen miteloengi Administratie; poenika babar pisan boten, Lan sateroesipon Administratie boten badé ngintoeni wissel-tagihan dateng lengganan, ingkang wonten ing wewengkonipun K. W. Solo. Poenika kawoeningana.

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK. Pahargjan ing Mendoet. P. Hardjasoesana, martosaken kados ngandap poenika: Rihaja pistanipon Kangdjeng Santo Rama 50 taen djoemeneng Imam, kelampahan kanti wilodjeng; leres boten ngaja, sroewa-sroewi sarwa pasadja, nanging nengsemaken. 1. Dinten Setoe sonten djam 5.30' Lof Ageng (drie heeren) Rama Prenthaler dipoenladosi Rama Satiman kalijan Prater G. Vriens saking Moentilan. Ing salebetipon Lof mawi preek; ingkang preek Rama Satiman. 2. Ngalah éndjing djam 8 Mis ageng (drie heeren) Rama Satiman dipoenladosi Rama Prenthaler lan Prater G. Vriens. 3. Bakda Mis goeroe-goeroe bawah parochie Mendoet djaler éstri goenggoeng 50 sami dahar sesarengan wonten Dwidjaatmadjan. (Inkang tebih-tebih kadosta ingkang saking Kalibawang sapanoenggilanipun sami boten wangsoel, ngentos receptie sontenipun). 4. Sonten djam 4 tetijang Katholiek ing Mendoet kalijan laré-laré

Soesteran sami arak-arakan. Wonten ing ngadjeng Tjandi sarta wonten ing ngadjeng Grédja kapotrét ngantos rambah kaping sekawan. Bibar arak-arak ± djam 5.30 mlebet Grédja Lof ageng mawi Te Deum. 5. Bakda Lof let sawatawis me-noet, sami ngempal wonten speelzaal Soesteran preloe receptie. Menggah prenataling receptie makaten: a. Laré Soesteran menjanji. b. Sakèndeling menjanji M. M. Prawirdarma lezing bab babad Dalem Kangdjeng Santo Rama sarta bab loehoeripon pangkat Santo Rama. c. Menjanjianipun laré-laré Soesteran. d. M. Dwidjaatmadja lezing bab babad larah-larahipun pradja Vaticaana sarta gandèngipun pradja Vaticaana kalijan kradjan sanès-sanèsipun ngantos doemogi Romeinsche Questie. e. Goeroe-goeroe sami njekar la-goe gambirsawit lan gèndjeng goling, katoentoen déning sadèrèk Hardjasoesana. Menggah soeraosing sekar dapoer ngloehoeraken saha moedjèk-moedjèkaken pandjenenganipun Kangdjeng Santo Rama Pius XI. f. Menjanji Djawi sesarengan la-goe Groote God wij loven U. g. Menjanjianipun laré Soesteran. h. Toespraakipun Rama Prenthaler. i. Menjanjian Djawi sesarengan metik saking Tamtama Dalem Déwi Marjah ingkang medal 7-10-29. Sabibaripon receptie ladjeng dipoenpotrét. Wasana wantji djam 9 bibar kanti wilodjeng. Goeroe-goeroe te-roes dateng Dwidjaatmadjan preloe dahar sesarengan. Sasampoenipun lelinggihan sawatawis, ladjeng sami bibaran. 6. Senèn djam 6, Mis Soetji kanggé laré-laré. Bibar Mis laré-laré éstri sami sarapan sesarengan wonten Soesteran, laré-laré djaler wonten Paosteran. Pahargjan ing Soerabaja. Kados déné ingkang sampoen kapatak ing Sw. T. no. 33 tanggal 27 Sept. '29 K. W. Soerabaja sampoen netepaken programmanipun kanggé pahargjan poenika, mila sareng dinten Ngalah 6 October, bakda Lof ageng (Plechtig Lof met predicatie saha Te Deum) watawis djam 7 sonten para sadèrèk Katholiek ka-koeng, poetri saha para poetra, sa-sarengan sowan dateng pastoeran Kepadjen, katahipon kirang-lang-koeng sadèrèk 80/100. Sareng sadaja sampoen sami sata-linggih, mandar para kakoeng nrimah djoemeneng kémawon, lantaran radi kirang panggénan, namoeng katingali sami ngresepaken sadaja, pandjenenganipun rama G. A. Mgr. de Backre rawoeh medal ambagèkaken klajan renaning peng-galih soemerep sadèrèk Katholiek Djawi samanten katahipon, poenapa malih para rama pastoor sanèsipon inggih toemoet djoemenengi saha sami tepang-tinepangan. Bestuur K. W. moendjoek ing ngarsanipun G. A. sarana basa Wlandi, amargi pandjenenganipun dèrèng patos damang sanget dateng basa Djawi, ménggah maksoedipon makaten: Mgr. Kawoela sadaja ing dinten poenika 6/10-29 ndèrèk soeka-soeka sarta ngrijajaken kanggé het gouden priesterjubilé van Z. H. Paus Pius XI, onze zoon roemvol regeerende Paus koning van Rome. Poenapa malih ngatoeraken sembah pangabekti kawoela Katholieke Djawi saking Prefectuur pandjenengan, kondjoek doemateng sampéjan dalem K. S. Bapa lantaran pandjenenganipun Mgr. Moegi-moegi joeswa dalem Sang Winisoeda (de jubilaris) déning Goesti Allah kaparingana pandjang saha wilodjeng sapaninggilipon. enz. enz. Woësana kanggé poengkasaning atoe, njowoen berkah koet (een apostolisch zegen) kanggé sadaja sadèrèk katholiek saking sepoeh doemogi laré nèm pisan, saking soegih doemogi marlat, miwah saking apangkat inggil doemogi dladjat ingkang asor pijambak, boten isin isin tanpa isi rikoeh-rikoeh ora idèp pakéwoeh, kawoela sadaja tansah pitados saha mitoehoe dateng sadaja pepakènipon Pasamoeran Soetji garédjia Roomsche katholieke. enz. enz. Wangsoelanipun inggih basa Wlandi, ménggah maksoedipon katjekak makaten: Para sadoeloer Kath. Djawi banget boengahkoeh, déné Katholiek Djawa saméné kèhé, pada mèloe oega ngrijajakaké 50 taoené Kangdjeng Santo Rama, lan panjowoenmoedé kaja kang woès dikandakaké déning Beetur K. W. bakal dak tindakaké, apa manèh kang dadi idam-idamaning atikoe, jaikoe para sadoeloer Katholiek Djawa kang isih tjilik-tjilik nganti toemeka kang woès djempo, soepaja dadija bibiting Agama Katholiek

ONTJEN SEKAR GAMBIR MELATI.

TILAS NAIB DADOS ZENDELING????

Para prijantoe! Kita mentas sami ngrijajakaken sèket taonan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Rama Pius XI djoemeneng Imam! Kita mentas sami maos verslag-verslag pahargjan sèket taonan dalem, ingkang kelampah wonten salebeting djagad Katholiek Djawi! Margi toemoet mahargja, margi maos verslag-verslag waoe, koela tanggel pandjenengan sadaja temtoe kados koela, roemaos kapandjangan daja énggal. Kita kalebetan daja saja tresna kalijan Katholiek kita! Pandjenengan sadaja mesti ladjeng manggali bab Katholiek; manggali karokoenan ing salebeting Agama Katholiek! Lan, . . . pandjenengan sadaja mesti inggih ladjeng manggali babad-babading Agami kita! Wiwit roemijng doemogi sapoenika, lan inggih doemogi mbéndjing pisan, Agami Katholiek tansah badé dipoenawon-awon! Warni-warni daja sarananipun golongan sanès anggènipon anjenjloring! Katah sanget gelaring mengsah anggènipon nedyo noempes! Néka-néka karénahing satroe ingkang katamakaken, soepados tetijang boten malebet dados poetraning Pasamoeran Dalem Pangéran! . . . Nanging sadaja waoe, boten badé anedasi! Mandar kepara mandjing dados sepoehipon! Para maos! Sasampoenipun Fadjar Asia toewin Bintang Timoer masakan Parada Harahap, ngewrat "Hidoep saja didalam klooster", sasampoenipun "Correspondentieblad" ing Ngajogjakarta ngorèk-orèk Agami Katholiek, . . . sapoenika wonten koran malih ingkang ngewrat kabar lelidoeren waton saged ngodjahaken poenapapoenapa ingkang toemindak awon wonten salebeting djagad Kristen! Katjarijos, Bintang Mataram ing Ngajogjakarta ingkang dipoenkemoedeni sadèrèk Tjoa King Tjeng kalijan J. Drija wangsana kala tanggal 7 October (no. 82), ngewrat pawartos kados ing ngandap poenika: "Bekas naib djadi zendeling kristen. Dari orang jang taoe membri kabar pada kita, bahoea toean Abdoellah Patah itoe bekas naib di Kendilan (Tjepoe) lantaran menoentoet anaknja soepaja djadi Indonesier jang tida tertjela ia soeda minta pada pendita Kristen, soepaja anaknja bisa bersekolah pada sekolahan jang tinggi. (Dokter pen). Pendita soeka trima ini permintahan, asal sadja toean Patah soeka bantoe tjari orang boeat masoek Christen. Toean Abdoellah Patah ada satoe satoenja Indonesier jang pande poeter lidah dan ada pemimpin pemogokan di B.P.M. jang pertama, djoega pernah djadi adviseur P. S. I. Blora. Dalam hal bitjara toean Patah memang ada satoe satoenja orang jang pande, djadi tida moestail itoe pendita lantas trima sadja permintahannja toean Patah. Sekarang anaknja toean Patah telah masoek di Kweekschool Christen di Moentilan dan toean Patah diangkat djadi zendeling Christen di Solo. Kaloe Mohammadjiah di Solo koerang giat, boleh djadi kalah sama toean Patah dalem membri kejakinan baek boesoeknja lgama." * * * Nalika koela maos pakabaran ing nginggil waoe,*) roemaos pakéwed anggèn koela anggagapi. Manawi nitik wontening temboeng zendeling, ingkang dipoenkadjengaken golongan Protestant. Nanging, . . . kénging poenapa déné nama Kweekschool Moentilan mawi kaseboet wonten ngrikoe?? Mangka, Kweekschool Moentilan poenika dédé gadahanipun Zending; jasanipun Missie! Margi makaten waoe, kala tang-

gal 13 October koela mrelokaken miterang dateng pandjenenganipun Directeur Pams ing Moentilan. Kanti legawaning panggalih pandjenenganipun amaringaken stamboek-ipun Pams Moentilan. Stamboek waoe koela olak-alik andjalimet sa-sarengan kalijan pandjenenganipun Rector X. College poenapa déné pandjenenganipun toewan Directeur! Ing ngrikoe pinanggih boten wonten laré anakipoen Abdoellah Patah kaseboet nginggil! Lan, saking mitra koela ingkang nandjihaken bab goeroe agami dateng Soerakarta, koela pikantoe katerangan: ing koekoeban Katholiek Soerakarta boten wonten goeroe Agami Abdoellah Patah tilas naib kaseboet! Sasampoenipun makaten, koela ladjeng anetepaken pakabarwan ing salebeting Bintang Mataram waoe, goroh! Tegesipon: ing Kweekschool (Pams) Moentilan boten wonten moerid anakipoen tilas naib Kendilan. Ing Soerakarta boten wonten goeroe Agama Katholiek tilas naib Abdoellah Patah! Samangké terang, ingkang ngabaraken waoe kénging dipoenwas-tani botjah tjilik! Tegesipon: boten saged ambédakaken Zending-poenika poenapa, Moentilan bédanipun Zending kalijan Missie, Protestant kalijan Katholiek, Dominé kalijan Pastoor! Terang sanget jèn ingkang ngabaraken waoe namoeng lilindoeren waton bisa ngala-ala golongan Kristen! Hem, kok koerang temen kabar! Baot temen gawé pangatik-atik! (Sadèrèk ingkang angabaraken prakawis waoe dateng Bintang Mataram, pandjenengan koela tjaoosi pira inggih! Toemrap golongan Kweekschool Moentilan, dados golongan Missie, dédé Zending, boten badé nganggé tjara kados makaten! Awit, golongan Missie mangertos: dados Katholiek poenika jèn namoeng mèlik dradja, pangkat lss., mesti boten badé saé anggènipon ngalampahi Agami. Malah kepara gampil sanget sagedipon anidranil! Goemoen koela malih, déné pakabaran waoe tanpa kasoekanan comentaar poenapa poenika déning redactie Bintang Mataram. Mokal sanget manawi redactie boten mangretos bédanipun Zending kalijan Moentilan! Nanging inggih kilap ding manawi pantjen kanggadja étok-étok boten mangertos! * * * Kadang Katholiek! Kita pantjen tansah dipoenintjih! Agami kita tansah dipoenawon-awon! Nanging tantjebing Agami Kahtoliek sakalangkang bakoeh kados toegoe, pengkoeh kados wadas, mitajani kados redi Himalaya! Margi dipoenawon? Agami kita badé ngaléla kados sekar padma! Djagad badé aneksèni pijambak njatanipun. Ngalamdonja badé njipati pijambak gelaripon! Mangka, poenika wonten kabar saé kaseboet wonten Middle Java tanggal 10 October. Tilgram saking Roem tanggal 9 October njarijosaken pramésuari Soerija garwanipun sang praboe Aman-Oellah tilas ratoe Afganistan, kawartos badé ngrasoek Agama Katholiek! Malah sang pramésuari sampoen njowoen sowan odènsi dateng ngarsa dalem I. S. Kg. S. Ramal Pramésuari Soerija poenika woenipun kagoela-wentah wonten ing wihara Katholiek. Manoet pawartos, sang praboe Aman-Oellah boten memalang karsaning garwanipun, inggih sandyan ingkang makaten waoe andjalari pandjenenganipun boten badé saged wangsoel dateng Afganistan (anglenggahi damparing kaprabon malih! —). Moegi-moegi, Karaton Dalem saja mindak-mindaka wijar tebanipun! Kumuningsaselé 14 October. Taklim: PATJAR MERAH.

ragi loemamajan, wonten ± 15 tjang. Nanging boten temtoe saben wonten Mis saged nglempak sadaja. Margi ingkang katah-katah sami dedalem ing sadjawining kita ingkang satjelak-tjelakipon 5 K.M. Dados inggih wonten ingkang langkoeng tebih malih. Ewasamanten nalika dinten Minggoe tg. 6-10-29, damel gègèring tjang ingkang sami medal saking ker. Mèh sadaja sadèrèk kath: Walandi, sami mriksani sadèrèk kath. Djawi —ingkang sami ngagem kokarde, minangka tanda angoermati Pandjenenganipun sinoehoen Kangdjeng Santo Rama. (Sadjakipon kok goemoen.) Nanging samanten oegi prijantoe Walandi (kath? boten kath?) inggih damel gègèring bangsa kita Djawi. Nalika malempipon Minggoe 6 10-29, sami damel gègèr wonten ing Dansvloer ing Pasar malem; minangka angoermati bilih Pasar malem sampoen angsal 1 minggoe. Kadjawi poenika sadèrèk Djawi kath. oegi sami damel feest alit-alitan toewin tjaois pisoengsoen awarni bouquet. Nalika medal saking Grédja batos koela: "E, toewan-toewan ki apa pantjen, ora ngerti oetawa ora kélingan jèn dina iki dina rija kanggo K.S. Bapa; apa pantjen goemoen ndeleng wong Djawa." "Hlo, sareng sami ning-galé gendéra djené lan petak, kok ladjeng sami pating plénggong, sadjak kadoewoeng." Kotjapa; ing nginggil sampoen koela atoreraken, bilih sadèrèk Kath. katah ingkang sami dedalem tebih saking Grédja; mila oepami sami ketjelik, anggènipon sami ndèrèk Mis rak inggih melas sanget ta? Mila poenika saking panowoen koela moegi Rama Redacteur kersaa ngéwahi advertentie pandjenengan ing Taman Sw.Tm., bilih ing Tegal namoeng wonten Mis Minggoe 1 lan Minggoe III. * Malah nalika tg. 29-9-'29 wonten sadèrèk Semarang ingkang badé ndèrèk Mis ing Tegal katjelik. Paman. Jacob. Brebes. 10/10-'29. SERAT KINTOENAN. Saking Redactie "Pengadjar" kita tampi karangan kados ngandap poenika: Katrangan saking Pengadjar, dateng pandjenenganipun Patjar Merah. Swara Tama tg. 7-9-'29 no. 33, ngewrat panjaroewé saking pandjenenganipun Patjar Merah dateng karangan bab Pendidikan kawrat ing Pengadjar ingkang kawadhalaken ing Salatiga. Manawi boten klintoe panjoroas koela, pandjenenganipun Patjar Merah jakin sanget manawi Pengadjar katjokan materialisme awawon déné Pengadjar boten saged milih poendi ingkang langkoeng preloe: geestelijke opvoeding poenapa lichamelijke opvoeding. Saking pamanggih koela, mastani Pengadjar katjokan materialisme, namoeng sarana waton kados ingkang katerangaken déning pandjenenganipun Patjar Merah, poenika dèrèng tjekap, kedah wonten boekti sanèsipon malih. Déné Pengadjar tetep anggadahi pamanggih bilih antjasing panggoela-wentah 4 bab, kados ingkang kawrat ing Pengadjar no. 1, inggih poenika: 1. memboeka dan memperdalam perasaan atau kelakuan, soepaja soeka kepada perboeatan baik; 2. memperperangi perasaan pada pekerdjaan djahat; 3. memboeka dan memperdalam pikiran; 4. mendjaga kesehatan; Menggah katranganing pigoenanipun satoenggal -toenggaling bab waoe, sampoen kawrat sadaja wonten ing Pengadjar no. 1 katja 5 doemogi 10. Ngèngeti kawontenan sarta woedjoeding piwoelang ing pamoeangan oemoem djaman sapoenika, koela nggadahi pamanggih bilih woelang-an-woelang ing ngrikoe oegi toemoedjoe dateng antjas 4 prakawis kados ingkang katerangaken ing Pengadjar kaseboet nginggil. Woësana njowoen pangapoenten. * Prajogi-Red.

poenika kedah katindakaken sadaja, boten kénging go-tang salah sa-toenggaling.

Ngleresaken: Ing Sw. Tm. no. 28 tg. 23 Augustus '29 panggénan trek-kingslijst goederenloterij ing Kalibawang, moengel lot no. 858 angsal prijs no. 6. Leresipon: lot no. 850 angsal prijs no. 6. CORRESPONDENTIE. Abn. No. 201 kwrt. IV namoeng kirang f 0,375; prajogi dipoenadjangképi mbéndjing manawi mbajar taoen 30. Serat-serat ingkang ang-

genipon mranngkoni kirang, boten badé katampi; makaten oegi document; document poenika saben 50 gr. f 0,02, nanging minimum f 0,125; dados sanadjan namoeng 50 gr. inggih f 0,125; kirang saking 50 gram inggih f 0,125. — Abn. No. 175. R. F. H. prajogi, nanging sampoen ngantos mised. Loetoeng Kesaroeng teka dèrèng ndjedod!!! W. Adisanta 2e. School Karangreja, pandjenengan lengganan nomer pinten??

HEEL DE
 ARCHIPEL LEEST
 DE KOERIER
 Eenig R. K. Dagblad
 in Ned. Indie.

PAKOLEH TOER LOEWESAN
 SAÉ TOEWIN AWÈT
 INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
 INGGANG AWOEDJOED
 ALCYON }
 DUNLOP } RIJWIELEN
 R. I. W.
 Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!
 GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
 MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBT - OBT
 DJOKJA DJOKJA
 mémang tiada maoe pakai per-
 tjoema, melainkan boeat djaga
 kesèhatan. Tetapi kalau tiada te-
 rima obat jang selamania baroe
 dan paling baik, lebih pintar
 Djangan beli sama sekali.
 Obat-obat keloearan roemah² obat
 MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO
 soedah terkenal berapa banjak
 poeloehan tahoen dan bisa dapat
 beli dimana-mana tempat. Kalau
 dapat beli tjap
 DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA
 tanggoeng beli jang paling baik.
 Djaga tjap „RATHKAMP”
 dan „ERCEE”
 DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

BALAI POESTAKA
 VOLKSALMANAK
 1930 f 0.64
 DJAWA - MELAJOE - SOENDA
 SEKARANG SOEDAH SEDIA

M. v. BIENE.
 Toekang herlodji
 dan Toekang emas.
 Adres jang
 moerah
 DJOKJA BANDOENG
 Telf. 252 Telf. 226
 boeat LONTJENG, HER-
 LODJI dan PERKAKAS
 EMAS.
 Pembatja
SWARA TAMA,
 dengan bawa lembaran
 Swara Tama
 dapat POTONGAN.

GOEDERENLOTTERIJ
 TREKKING 6 DEC. A. S.
 400 LOTEN - 70 PRIJZEN
 1ste. PRIJS
GEHEEL KOPER LEDIKANT
PER LOT F 250
WARENHUIS
H. SPIEGEL - DJOKJA
 voor zending naar buiten porto bijvoegen.

†
MATOER SEMBAH NOEWON
 datang Padoeka Rama Rector ing Moentilan, Moeder
 lan para Zusters lan verpleegsters ing Moentilan, para
 prijantoen goeroe ing Salam, Moentilan, Medari, Roekti
 Woeri Dk., Canisius Stichting, lan datang para prijantoen
 oetawi sadèrèk lan pakempalan sanèsipoen ingkang sam-
 poen paring pitoeloengan sembahjangan, arta, arti, lan
 baoe-soekoe, datang waris koela Frans. X. Djajèngotama
 wiwit sakit doemoegi ngadjalipoen (24-9-1929).
 Lan oegi matoer noewon datang ingkang badé pa-
 ring pangèstoe lan oeroen sembahjangan.
 Atas namaning waris
ADISOEMARTA
SOEMAATMADJA
ADISOEWIGNJA.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjen 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 7.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara - Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal ²⁾ 7.30 - 9.30
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁹⁾ 7.30
Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Pajakombo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Kediri 7.30	Palembang 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6 - 7.30	
Koeta Radja 6.30 - 8.			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

ing Prefectuur Soerabaja sapa-
 noenggalanipoen. Kapandjangan bilih
 koela teroesaken malih. Sasampoen-
 ipoen makaten kaleres „Tamtama
 Dalem Dèwi Maria” kanggé K.S. Ba-
 pa Pius XI, miwah wonten gam-
 baripoen pisan nembé tampi saking
 College Moentilan, kaedoemaken dé-
 ning Mgr. pijambak njatoenggal da-
 teng sadèrèk-sadèrèk kahtoliek sada-
 ja, katampi klajan seneng saha kasam-
 bi tampi oendjoekan sesegeran sarta
 esesipoen karel I. Lantaran sampoen
 sami ledjar panggalihipoen saha ma-
 rem, pahargjan katoetoep sarta men-
 janji sesarengan saking lagoe: Pra-
 boe Binatarèng Djaman. (Aan U
 O Koning der Eeuwen). Kedjawi sa-
 king poenika wonten malih; Saking
 adrengipoen para sadèrèk R.K. ing-
 kang badé oeroen soembangan, se-
 kar bokèt (bloemstuk) kanggé O.L.
 V. Kerk Kepandjen, déning Bestuur
 K.W. saged kaleksanan, wasana sa-
 reng tanggal 8 October tampi serat
 makaten oengeliipoen: Aan onze
 Katholieke Javanen.
 Hierbij betuigen wij onzen op-
 rechten dank voor het mooie bloem-
 stuk dat gij bij gelegenheid van
 de Pausfeesten aan onze Kerk hebt
 geschonken.
 Hoogachtend.
 De pastoors van Soerabaja Ke-
 pandjen.
 Ing dinten Ngahad 6-10-'29 djam
 8.30 ing Kunstkring wonten pahar-
 gian saking sadèrèk-sadèrèk katho-
 liek Welandi lan sanès-sanèsipoen,
 déné ingkang rawoeh ± 800 sadaja
 besproken plaats. Déning katho-
 liek sadaja doemoegi laré-laré sami
 asoeng pahargjan kados ing nging
 gil sarana telegram.
 Wasana ing dinten kaseboet oegi
 tampi wangsoelan saking Roem ka-
 tapak asmani déning pandjenengan-
 poen kardinaal Caspari. Menjanji-

anipoen Halléloeah drie stemmig;
 kampijoen saèstoe.
 Soerabaja 14 - 10 - '29
 Verslaggever.
Comité Lustrum P. P. K. D.
 L. J. martosaken:
 Nalika tanggal 13 October 1929
 ing dalemipoen sadèrèk Prawirasoe-
 marta djam 7 sonten wonten pare-
 pating Comité, ingkang toedjoeni-
 poen anindakaken toedinganing
 Hoofdbestuur P. P. K. D., bilih kita
 Ngajodja badé kanggé adjanging
 pahargjan P. P. K. D. mèngeti sam-
 poen gangsal taoenipoen.
 Tjabang P. P. K. D. Ngajodja toe-
 moenten anjedahi para sesepoeh,
 toewin para besturing pakempalan
 warni-warni, i.p. ingkang ambangoen
 Comité, ingkang badé anandangi lan
 nampi kalijan bingah, déné Hoofd-
 bestuur P. P. K. D. sampoen amitados
 dateng koela sadaja. Boten kéntang
 kita taksih rempek - rempek, kita
 inggih sagah kalijan toememen.
 Menggah ingkang djoemeneng
 Pangarsaning comité pahargjan i.p.
 sdr. Djajaéndra, satrija, boten wegah
 ing damel. Dasar roemijin kala
 wonten ing Moentilan pandjenengan-
 ipoen inggih sampoen koentjara
 menggah ing tandangipoen.
 Ingkang djoemeneng panitra sdr.
 Prawirasoe Marta. Prijantoen poenika
 tjantjangan ing samoedajaning damel,
 boten wegah ngoerbanaken saliran-
 ipoen, poenapa malih ambek welas.
 Déné ingkang djoemeneng penning-
 meester sdr. Soemandar; prijantoen
 sarèh lan sabar ing samoekawis,
 langkoeng - langkoeng ing babagan
 jatra, sabar toewin talitinipoen ké-
 nging dipoentoelad. Pramila Roekti
 Woeri inggih boten lepat pamilih-
 ipoen sadèrèk waoe minangka mè-
 ningmisteri R. W.
 Wondéné sadèrèk sanèsipoen ing-

kang djoemeneng ing Comité lustrum
 oedakawis wonten prijantoen
 22. Sadaja waoe sami rena ing-
 panggalihi nampi bagéjan pandamelan
 pijambak-pijambak.
 Rantjanganing Comité (voorloop-
 pig), minangka ngramèkaken pahar-
 gian; pamboeka, panembrama mawi
 muziek; sesorah Hoofdbestuur, toe-
 win saking tjabang; dans petilan
 ringgit tjang; soelapan saking sdr.
 Solihoen, sampoen kempling, toe-
 win kènging pinitados; kontospel
 saking pakempalan Moeda-Katho-
 liek, sadaja sampoen pendeekar; main
 fiets, ngongasaken kasagedanipoen
 warni-warni ingkang inggih gèng-
 ramaken; pauze, mirengaken gangsa
 miwah pangelinging djoeroe pasin-
 dèn; panembrama saking muziek-
 club, panembrama saking cursus
 tembang toewin tooneel saking laré
 alit-alit, goebahanipoen sdr. Soegija,
 tooneelkunstenaar.
 Sdr. Soegiri kapoerih mranata
 kados-poendi menggah ing pem-
 bagéning wekdal, ingkang kanggé
 tetinggalan waoe, sageda sadaja spe-
 lers ngetrepi wekdalipoen.
 Bab pasoegatan karembag sapan-
 tesipoen sampoenngantongoetjwai-
 ni, boten perloe koela pandjang-
 aken.
 Déné pahargjan poenika badé kake-
 pjakaken béndjing kiwa-tengenipoen
 tanggal 22 woelan Februari 1930.
 Manawi ragad njekapi badé nga-
 wontenaken portrèt, ingkang inggih
 oegi kasedijakaken ing sanès, ma-
 nawi badé moendoet.
 Wondéné ingkang dipoenolemi
 sadaja béndol Katholiek Djawi, Wa-
 landi, tjabang-tjabang K. W. toewin
 P. P. K. D., I. K. P., toewin sanès-
 ipoen ingkang kedoege perloe toe-
 win saged gandèng.
 Wasana djam 9 daloe pakempalan
 bibaran kanti wilodjeng, poenapa

malih katoetoep mawi ngloehoeraken
 Goesti.
Kabar oemoem Indonésia.
Kédanan H. I. S.?
T. R. ngabaraken:
 Ing Soerakarta wonten tjang sa-
 watawis, ingkang malsoe anggèni-
 poen njarijosaken katahing pame-
 dalipoen nalika nglebetaken anak-
 ipoen dateng H. I. S. Sasampoen-
 ipoen laré katampi déning School-
 Commissie tjang sepoeh dipoente-
 dani petoek paos. Anggènipoen mba-
 jar paos wonten ingkang f4,-
 mangka anggènipoen njarijosaken
 pamedalipoen f300. Wasana laré
 oet. tjang sepoehipoen kapoerih mba-
 jar bajaran sakolah f4.50. Jèn pa-
 medalipoen pantjèn f300,- saèstoe,
 bajaran paos kok namoeng f4,-?
 Sinten ingkang kirang titi? Menawi
 pamedalipoen boten f300,- kok
 poeroen ambajar bajaran seko-
 lah f4.50? Poenapa margi kédanan
 H.I.S.?
Goesti Kangdjeng Ratoe Emas
boten bobot.
 Sw.T. sampoen naté ngewrat ran-
 tjangan-rantjangan manawi anggèni-
 poen G.K. Ratoe Emas sampoen am-
 babaraken poetra. Nanging sapoenika
 manoe paniti priksanipoen dokter,
 tetela Pramèsuari dalem Ingkang
 Sinoehoen Kg. Soesoehoenan ing
 Soerakarta waoe boten ambobot.
Konggrès Java Instituit.
 Konggrès kaseboet tjalon mang-
 gèn ing Kapatihan Mangkoenagaran
 Soerakarta, doemawah ing tanggal
 27-29 December 1929.
Tanggal 27 December. Mitepang-
 aken para ingkang dateng Konggrès
 wonten Koesoemajoedan, kasegah
 wirèng kagoengan dalem Ingkang
 Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoen-
 nan. Tapoekipoen djam 9. sonten.

Tanggal 28 December manggèn
 ing kapatihan Mangkoenagaran. Èn-
 djing wiwit djam sanga doemoegi
 djam satoenggal: Pambikakipoen
 kongres, toewin angrempak prakawis
Oostersch Letterkundig Hooger-
onderwijs. Ingkang badé medar
 sesorah: Dr. G. W. J. Drewes, Dr. S. J.
 Esser, R. A. A. Soejana, L. v. Rijc-
 kevorsel (Ambarawa), Mr. R. Hadi.
 Sonten djam 5 doemoegi 7 ningali
 museum. Ing ngrikoe badé kapit-
 ontonaken barang-barang djené lan
 salaka djaman kina toewin wedalan
 samangké. Ladjeng sami ngoendjoek
 wonten Sriwedari.
 Djam 7.30 - 8.30 sesorah bab
 „Tanah lan bangsa Bali” mawi film.
 Ingkang sesorah Tjokorde Gde Rake
 Soekawati.
Tanggal 29 Dec. manggèn ing
 Kapatihan Mangkoenagaran, ta-
 poekipoen djam sanga, ngladjeng-
 aken rembag „Oostersch Letterk.
 Hooger Onderwijs” lan sesorah bab
 perloenipoen panaliti toemrap am-
 bachts lan kunstnijverheid (Ir. Tho-
 mas Karsten ...) Wasana konggrès
 katoetoep. Sontenipoen djam sanga
 kasegah ringgit tjang kagoengan
 dalem P. A. A. Mangkoenagara VII
 manggèn wonten poera Mangkoen-
 agaran.
 Warganing pakempalan Regen-
 tenbond, Prijajibond, Soebakarti,
 B.O., Studieclub, P.N.I., Kridajat-
 maka, Krida Beksa Irama, Langen-
 swara, P.G.H.B., Pasoendan, Jong
 Java, P.I., lan para siswa Middel-
 bare toewin Hoogeschole saged
 toemoet ndatengi konggrès waoe
 sarana ambajar f5. Déné ingkang
 boten warga, inggih saged, sarana
 ambajar f12.50. Arta waoe kedah
 kakintoenaken langkoeng roemijin...
 Makaten soeraosing serat ideran
 ingkang kita tampi saking Java In-
 stituut.